

Èske yo pral voye yon bòdwo ban mwen pou vaksen an oswa vizit swen sante a?

Non. Yo gendwa voye fakti a bay asirans ou, men yo pa pral chaje ou yon kopeman oswa yon frè pou vaksen an.

Èske enfòmasyon pèsònèl mwen pwoteje?

Enfòmasyon pèsònèl ou pwoteje yon fason estrik. Enfòmasyon debaz sou ou (tankou non ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, dat nesans ou, dat vaksinasyon ak vaksen ou te resevwa) yo pral pataje avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante NYC) jan lalwa egzije sa.

E si mwen gen lòt kesyon?

Ou ka rele pwofesyonèl swen ki te ba ou vaksen an oswa pwofesyonèl swen sante ou. Ou ka rele **311** tou.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?



Depatman Sante NYC:
nyc.gov/covidvaccine

NYC Health + Hospitals:
healthandhospitals.org/covidvaccine

Depatman Sante Eta New York:
covid19vaccine.health.ny.gov

CDC:
cdc.gov/covidvaccine



NYC
Health

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. **1.12.21**

Sa Ou Dwe Konnen Apre Ou Pran Vaksen kont COVID-19 Ou a



**NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY**

nyc.gov/covidvaccine

Haitian Creole

Anvan ou kite sit vaksinyon an:

- Si sa a se premye piki ou, pran yon randevou pou pran dezyèm piki ou, ki ta dwe bay twa (3) semèn (Pfizer) oswa kat (4) semèn (Moderna) apre premye piki a.
- Asire w ke ou jwenn yon kat vaksinyon. Li pral di ki vaksen ou te resevwa ak dat ou te resevwa li. Pote kat sa a nan randevou pou dezyèm dòz ou an. Apre dezyèm dòz ou, asire w yo mete kat vaksen ou an ajou pou montre toude dòz yo.

Ki efè segondè vaksen an?

Efè segondè komen yo se doulè oswa enflamasyon sou bra a kote ou te resevwa piki a, tèt fè mal, doulè nan kò, fatig ak lafyèv. Efè segondè yo pi komen apre dezyèm dòz lan epi mwens komen nan granmoun ki pi aje yo. Efè segondè yo anjeneral:

- Leje jiska modere
- Kòmanse nan lespas twa (3) premye jou yo apre vaksinyon an (jou apre vaksinyon an se li ki pi komen)
- Dire apeprè yon (1) a de (2) jou apre yo kòmanse

Ki sa pou m fè si mwen gen efè segondè?

Rele pwofesyonèl swen sante ou si ou gen nenpòt efè segondè ki enkyete ou oswa ki pa ale apre kèk jou, oswa si woujè oswa doulè kote ou te resevwa piki a ogmante apre 24 èdtan. Pale ak pwofesyonèl swen ou sou pran yon medikaman san preskripsyon, tankou asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Advil).

Pran dezyèm piki a menm si ou genyen efè segondè apre premye piki a, sof si pwofesyonèl swen ou di ou pa fè sa.

Rapòte efè segondè yo atravè aplikasyon mobil pou telefòn entelijan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) V-safe lan. Pou aprann plis ak telechaje aplikasyon mobil lan, vizite [vsafe.cdc.gov](https://www.vsafe.cdc.gov). Ou kapab rapòte efè segondè yo atravè Sistèm Rapò Efè Negatif Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS) tou, ki jere pa CDC ak Administrasyon Manje ak Medikaman an. Rapò yo ka fèt nan vaers.hhs.gov/reportevent.html oswa lè w rele 800-822-7967. Enfòmasyon ou rapòte yo ap rete konfidansyèl.

Èske li posib pou gen yon reyaksyon alèjik a vaksen an?

Baze sou sa nou konnen kounye a, reyaksyon alèjik yo pa rive fasil. Reyaksyon alèjik jeneralman kòmanse kèk minit jiska inèdtan apre ou resevwa piki a. Si yon reyaksyon alèjik grav gen ladan difikilte pou respire, enflamasyon nan figi ak gòj ou, batman kè rapid, yon gratèl nan tout kò ou, vètij ak feblès. Si ou panse ou genyen yon gwo reyaksyon alèjik, rele **911** oswa ale nan lopital ki pi pre ou a.

Èske dezyèm dòz la dwe menm kalite vaksen ak premye dòz mwen an?

Wi. Tou de dòz yo ta dwe nan menm vaksen an. Si ou resevwa vaksen Pfizer a, ou ta dwe pran yon dezyèm dòz vaksen Pfizer a 21 jou apre. Si ou resevwa vaksen Moderna a, ou ta dwe pran yon dezyèm dòz vaksen Moderna a 28 jou apre.

Kilè vaksen an kòmanse travay?

Byenke ou ka jwenn kèk pwoteksyon apre premye dòz lan, vaksen an pi efikas apre toude dòz yo. Ou p ap gen pwoteksyon konplè ki soti nan vaksen an jiska youn (1) a de (2) semèn apre dezyèm dòz ou an.

Èske mwen ka sispann pran lòt prekosyon COVID-19 apre mwen pran vaksen an?

Non. Ou dwe toujou pratike mezi prevansyon apre ou fin pran vaksen an:

- Rete lakay ou si ou malad.
- Rete a yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.
- Mete yon kachnen.
- Lave men ou epi itilize dezenfektan pou men souvan.

Byenke yo demontre vaksen COVID-19 yo pwoteje moun kont COVID-19, nou bezwen aprann plis sou konbyen tan pwoteksyon an dire ak si vaksen an anpeche transmisyon.

